



Kesyon Yo Poze Souvan Tès Aplikatè nan Bouch COVID-19

Kouman pou mwen fè tès aplikatè nan bouch COVID-19?

Gade videyo edikatif sa a pou lòt enfòmasyon: [De.gov/Tes](https://de.gov/tes).

Kisa mwen ta dwe fè si mwen genyen sentòm kowonaviris ki grav?

Si ou menm oswa yon manm nan fanmi w genyen sentòm kowonaviris ki grav, tanpri rele doktè w. Si ou genyen yon ijans ki grav, rele 911.

Èske mwen kalifye pou mwen teste?

Tès la disponib aktyèlman nan tout eta yo pou **tout** moun. Vizite [DE.gov/tes](https://de.gov/tes) ak <https://coronavirus.delaware.gov/testing/> pou lokalite ak kondisyon yo. Genyen kèk sit ki toujou mande depistaj pou sentòm pou tès. Si ou genyen kesyon, kontakte sit ou planifye pou ale ladan l la.

Si tès mwen an negatif, èske mwen kapab kanpe karantèn oswa izole lakay mwen?

Tanpri konsilte ajan sante w la oswa DPH konsènan entèpretasyon rezilta ak swiv rekòmandasyon yo jan sa nesesè. Nan kèk ka, ou kapab bezwen pou kontinye nan karantèn oswa rete izole paske gen moun ki kapab vini oswa rete enfekte malgre rezilta negatif pandan peryòd karantèn oswa izole a.

Kijan tès la fonksyone?

Nou kreye yon [videyo edikatif](#) ki pratik pou edike w nan kijan tès Kiratif aplikatè nan bouch la fonksyone. Apre w fin touse nan mask ou a, yo pral mande w pou yo rantre yon aplikatè andedan bouch ou pou kolekte likid nan bouch ou yo. Answit aplikatè a plase nan yon tib plastik an sekirite pou trete nan laboratwa Kiratif. Kiratif voye rezilta yo pou ou nan kouryèl si ou te anrejistre pou teste anliy avèk yon adrès elektwonik, oswa Divizyon Sante Piblik (Division of Public Health) pral rele w si ou te bay nimewo telefòn ou, men ou pat bay adrès elektwonik ou.

Li obligatwa pou mwen prezante Kat Idantifikasyon mwen?

Non, men yo pral mande w pou konfime non ou te itilize pou anrejistreman an. Sa a ede nou ke rezilta tès yo koresponn ak moun li sipoze koresponn nan. Idantite w ak rezilta tès ou yo pwoteje pa lalwa epi yo p ap pataje avèk nenpòt lòt ajans, sèvis lòd yo oswa imigrasyon.

Èske tès la envazif?

Tès la se yon aplikatè nan bouch ou ki fasil pou kolekte poukont ou. Nou kreye yon [videyo edikasyonèl](#) ki pratik pou asiste w pou fè tès la.



Èske tès aplikatè nan bouch la egzat?

Laboratwa nou itilize a genyen done esè klinik yo disponib piblikman (<https://www.medrxiv.org/content/10.1101/2020.04.11.20062372v1>). Anplis de sa, Divizyon Sante Piblik Eta Delaware (State of Delaware Division of Public Health) la fè tès validasyon adisyonèl pou asire tès la egzat.

Si mwen pran yon randevou, kilè ak ki kote tès la ap fèt?

Sit pou fè tès yo pral etabli atravè nan Eta Delaware. Si ou pran yon randevou anliy avèk yon adrès elektwonik, ou pral resevwa yon konfimasyon avèk dat la, lè, ak lokalite pou randevou w la, ak lòt detay yo. Ou pral dirije w tou nan yon lyen pou yon videyo ki pral montre w ak kisa ou dwe atann ou nan sit pou fè tès la.

Kisa mwen dwe fè si tout randevou yo plen?

Plis sit pou fè tès ak pran randevou ap ajoute regilyèman pa Eta Delaware, an kolaborasyon avèk lopital yo epi founisè swen medikal yo atravè eta a. Tanpri tounen tcheke pou wè kilè lòt sit pou fè tès ap ajoute. Kontakte sit yo pou pran yon dat randevou pou fè tès la dirèkteman.

Kijan pou mwen anile randevou mwen an?

Ou pa bezwen fè anyen pou anile randevou pou fè tès la. Si ou pa prezante, yo pral bay yon lòt moun randevou a pou fè tès la.

Kilè mwen dwe rive pou randevou mwen an?

Tanpri rive nan lè ki te pwograme ki te endike nan konfimasyon adrès elektwonik ou a. Si ou pat resevwa yon mesaj elektwonik, tanpri rive na lè ou te chwazi a lè ou t ap anrejistre a.

Èske mwen ka vini avèk yon lòt moun?

Anrejistreman yo pèsònèl. **Randevou endividyèl yo dwe fèt pou chak moun.** Disponibilite pou anrejistre nan sit la pral limite pou moun ki pat genyen randevou yo.

Èske mwen kapab genyen lòt moun nan machin mwen lè mwen rive pou vin fè tès la?

Wi, men tanpri pinga w mete lòt yo an danje si ou santi w malad. **Randevou endividyèl yo dwe fèt pou chak moun.** Disponibilite pou anrejistre nan sit la pral limite pou moun ki pat genyen randevou yo.

Èske mwen dwe fè yon bagay pou prepare m pou randevou a?

Pa manje oswa pa bwè anyen, bwose dan ou, pou omwen 20 minit avan randevou pou fè tès la, sa kapab diminye egzaktitid tès la. Gade [videyo edikatif](#) sa a pou lòt enfòmasyon pou kapab ede w prepare.



Kisa mwen ta dwe fè si mwen pa genyen aksè ak yon mwayen transpò?

Kèk sit pou fè tès pral aksepte mache vini san ou pat anrejistre pou yon randevou avan sa. Tanpri tounen tcheke pou wè kilè lòt sit pou fè tès ap ajoute. Kontakte sit yo pou pran yon dat randevou pou fè tès la dirèkteman.

Konbyen tan tès la pral pran?

Tès la poukont pal pral pran sèlman kèk minit, men tan ou fè pou ap ret tann nan liy la nan chak sit pou fè tès la varye.

Èske mwen dwe desann machin mwen?

Sa depann nan sit ou ap fè tès la, genyen se mache vini, epi genyen lòt se kondwi. Tès la kapab fèt pandan ou rete nan machin la. Tanpri tounen tcheke pou wè kilè lòt sit pou fè tès ap ajoute. Kontakte sit yo pou pran yon dat randevou pou fè tès la dirèkteman.

Konbyen kòb tès la koute?

Tès la fèt gratis, li peye pa Eta Delaware la. Ou pa pral resevwa okenn fakti ak yo pa pral mande w pou peye pou tès la nan nenpòt pwen.

Kijan ak kilè mwen pral resevwa rezilta mwen yo?

Ou pral resevwa yon kouryèl elektwonik ki genyen ladan l rezilta tès ou yo nan espas 3 jou si ou te bay yon adrès elektwonik nan Laboratwa Kiratif la lè ou t ap anrejistre a. Si ou pat bay yon adrès elektwonik, ou pral resevwa yon apèl telefonik nan Divizyon Sante Piblik (Division of Public Health) avèk rezilta w yo.

Kesyon apwopo tès ou a kapab reyalize atravè yon kouryèl elektwonik pou info@curativeinc.com oswa atravè telefòn nan 2-1-1. Moun ki soud oswa ki mal pou tande kapab tèks kòd postal yo nan 898-211.